



# Èd Finansye 101


# Konekte ak MEFA

**Eskane kòd QR la pou w ka  
enskri pou resevwa imèl  
MEFA sou sijè ki enpòtan  
pou planifikasyon kolèj.**



-  [facebook.com/mefaMA](https://facebook.com/mefaMA)
-  [@mefa\\_ma](https://www.instagram.com/@mefa_ma)
-  [@MEFAtweets](https://twitter.com/MEFAtweets)
-  [linkedin.com/company/mefa](https://linkedin.com/company/mefa)
-  [youtube.com/MEFAcounselor](https://youtube.com/MEFAcounselor)
-  [mefa.org/mefa-podcast](https://mefa.org/mefa-podcast)

# Kijan pou Patisipe



Paramèt Odyo a pèmèt ou kontwole nivo volim

Fonksyonalite *tchat* la dezaktive. Pou kominike ak animatè a, tanpri itilize seksyon *Kesyon ak Repons* lan

Itilize fonksyonalite *Transkripsyon Andirèk* la si ou vle wè soutit ki kòde yo

Ou gen yon kesyon pandan wèbinè a? Tape l nan seksyon *Kesyon ak Repons* lan

Klike sou *Kite* pou sòti nan wèbinè a

# Apwopo MEFA

Se Commonwealth nan Massachusetts nan lane 1982 ki te kreye otorite Eta a, nan ede fanmi yo planifye, ekonomize, ak peye kolèj.



# Tèm wèbinè a

- Kalite ak Sous Èd Finansye
- Pwosesis Aplikasyon an
- Kijan Yo Pran Desizyon Èd Finansye yo
- Peye Kolèj
- Resous Gratis



# Panorama Èd Finansye

Senplifikasyon FAFSA te gen yon lanse difisil epi li se yon pwosesis k ap kontinye. Sepandan, nou gen rezon pou nou kwè ane sa a pral pi dous grasa tès ki fèt anvan yo pibliye FAFSA 1ye desanm.

Tanpri konnen gen anpil èd ki disponib ak pwosesis sa a atravè MEFA, kolèj, konseye lekòl, ak lòt òganizasyon. Pa janm pè poze kesyon. Nou pral pataje anpil resous nan prezantasyon sa a.



# Kalite ak Sous Èd Finansye

# Kisa Èd Finansye a ye?

- Èd finansye se lajan pou ede elèv yo peye kolèj
- 3 kalite prensipal:
  - Sibvansyon ak bous detid (kado sou fòm èd)
  - Pwogram federal travay-etid
  - Prè etidyan federal



# Prè Federal Dirèk pou Etidyan

- Se etidyan an ki dwe se sèl moun k ap prete a
- Pa gen verifikasyon kredi
- Sibvansyone ak sa ki pa Sibvansyone
- To enterè fiks 6.53% pou 2024-25
  - Yo pral fikse to 2025-26 yo nan mwa me 2025
- Ranbousman:
  - Ou pa gen peman ou dwe pandan enskripsyon an
  - Plizyè opsyon (anpil asosye ak revni)
  - Total ou prete pou 4 lane: \$27,000 maksimòm
  - Estimasyon peman: \$300/mwa pandan 10 lane
  - Estimasyon dèt total: \$32,000 jiska \$34,000
  - Posibilité pou gen delè, tolerans, ak padon

Limit Anyèl Prè	
Premye Ane	\$5,500
Dezyèm Ane	\$6,500
Twazyèm Ane	\$7,500
Katriyèm Ane	\$7,500

# Sous Èd Finansye

## Federal

- Sibvansyon, travay-etid, prè, ankourajman taks
- [StudentAid.gov](https://studentaid.gov)

## Massachusetts

- Sibvansyon, bousdetid, egzansyon frè ekolaj, prè
- [mass.edu/osfa](https://mass.edu/osfa)

## Kolèj/Invèsite (èd enstitisyonèl)

- Sibvansyon, bousdetid, prè

## Lòt Ajans

- Bousdetid: Chèche sou [mefapathway.org](https://mefapathway.org) ak [fastweb.com](https://fastweb.com), epi verifye avèk konseye lekòl ou a

**\$177 milya\*: Kantite total èd etidyan premye sik yo te resevwa nan lane 2022-23**

\*Tandans nan Èd pou Etidyan pou 2023, The College Board

# Èd ki Baze sou Merit

- Yo bay li pou rekonèt reyalizasyon etidyan yo
- (akademik, atistik, atletik, elatriye)
- Ka gen kondisyon renouvlab oswa pa renouvlab
- Yo pa ofri li nan tout kolèj; tcheke sit entènèt chak kolèj pou jwenn plis detay
- Yo mande pafwa pou fè aplikasyon yo separe
- (Tcheke dat limit yo!)
- Ou ka kòmanse depoze aplikasyon an depi mwa novanm



# Èd ki Baze sou Bezwen

- Dapre kalifikasyon finansye fanmi an ("bezwen")
- Yo detèmine kalifikasyon an grasa yon fòmil ofisyèl
- Gen ladan sibvansyon, prè, ak travay-etid
- Pifò èd finansyè yo baze sou bezwen
- Dwe fè pwogrè akademik ki satisfezan






# Pwosesis Aplikasyon an

# Kalandriye Èd Finansye

- Verifye dat limit yo ak aplikasyon ki obligatwa yo sou sit entènèt chak kolèj kounye a
- Ou pral gen anpil chans aplike pou èd finansye anvan ou resevwa desizyon admisyon an
- Dat limit Aksyon/Desizyon bonè yo souvan fèt an oktòb oswa novanm
- Anjeneral yo fikse dat limit nòmal yo nan mwa fevriye oswa mas
- **RESPEKTE DAT LIMIT POU DEPOZE APLIKASYON!**
- Itilize Jesyonè Aplikasyon Kolèj MEFA a pou w rete òganize [mefa.org/college-application-manager](https://mefa.org/college-application-manager)

# FAFSA®

- Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Etidyan (Free Application for Federal Student Aid, FAFSA)
- Obligatwa pou tout kolèj
- Dwe fèt chak lane
- Disponib sou [fafsa.gov](https://www.fafsa.gov) 1ye desanm (anjeneral 1ye oktòb)
- Diplòm Lekòl Segondè 2025 yo pral fè FAFSA 2025-26
- Kontribyan = moun ki gen enfòmasyon ki parèt sou FAFSA
- Etidyan kòmanse epi apre sa envite tout lòt kontribyan yo
- Chak kontribyan gen yon seksyon separe
- Dènye kontribyan pou ranpli ka soumèt FAFSA
- Yo efase FAFSA ki pa konplè apre 45 jou li pa aktif
- *Konprann wèbinè FAFSA a*



# Idantifyan FSA


- Idantifyan FSA = non itilizatè ak modpas pou FAFSA
- Ou dwe gen yon Idantifyan FSA pou w konekte
- Ou ka mete Idantifyan FSA ou kounye a
- (ou dwe tann 2 jiska 4 jou pou kòmanse FAFSA)
- [studentaid.gov/fsa-id/create-account](https://studentaid.gov/fsa-id/create-account)
- Ou dwe gen yon adrès imèl
- Ki moun ki bezwen yon Idantifyan FSA?
  - Etidyan
  - Mari oswa madanm etidyan an si li te ranpli taks separeman oswa li pa te ranpli
  - Chak paran ki sou FAFSA a
    - Si paran yo te ranpli taks ansanm, se yon sèl paran k ap bezwen youn
- Moun ki pa gen yon nimewo sekirite sosyal pral reponn kesyon ki baze sou konesans sou istwa kredi

## Create an Account

Whether you're a student, parent, or borrower, you'll need to create your own account to manage the student loan journey.

[Get Started](#)

Already have an account? [Log In](#)



# Kisa yo rapòte sou FAFSA a?

- Enfòmasyon Jeneral
- E stati sitwayènte etidyan
  - Tout sitwayen Ameriken ak tout moun ki pa sitwayen Ameriken yo ka resevwa èd finansye federal
  - Etidyan ki pa gen papye yo ka kalifye pou ekolaj MA nan eta a ak èd leta
- Kolèj kote etidyan an ap aplike a (yo chak ap resevwa FAFSA ou)
- Paran
  - Marye, ki gen ladan paran menm sèks, san wete toude
  - Tout paran k ap viv ansanm, marye oswa pa marye
  - Divòse/Separe: paran ki te bay plis sipò finansye nan 12 dènye mwa yo ak mari oswa madam aktyèl la
    - Si paran yo bay sipò egal, itilize paran ki gen pi gwo revni ak byen
  - Responsab legal yo PA yon paran
- # nan kay la: pral rale l nan IRS men fanmi ka mete ajou
- # timoun ki nan kolèj: yo pa pral itilize l nan kalkil


# Kisa yo deklare sou FAFSA a?

- Enfòmasyon Finansye
- Revni paran ak etidyan (revni 2023 pou FAFSA 2025-26)
  - Pral rale done taks federal nan IRS (dwe bay konsantman)
  - Ni revni yo pran taks sou li ni revni yo pa pran taks sou li ki parèt sou deklarasyon taks la
- Byen paran ak etidyan yo
  - Mete valè epay, chèk, envèstisman, tout biznis/fèm, lòt pwopriyete
  - Mete kont epay edikasyon kòm yon byen pou paran epi pa deklare sa yo pou lòt timoun yo
  - Pa mete kay prensipal, valè retrèt, asirans vi
  - Yo konsidere kòm yon avantaj sipò pou timoun yo resevwa
- Yo pa deklare dèt eksepte dèt sou byen yo deklare

# Lòt Aplikasyon pou Èd Finansye

## CSS Profile®

- [cssprofile.org](https://cssprofile.org)
- Gen kèk kolèj ak inivèsite ki egzije l
- \$25 pou premye lekòl, \$16 pou chak lòt yo
- Egzansyon frè si revni paran yo se \$100k oswa mwens oswa fanmi respekte sèten lòt kritè
- L ap disponib 1ye oktòb
- Paran ki pa gen lagad la soumèt yon pwofil apa
- *Kisa w dwe konnen sou wèbinè CSS Profile la*



## Aplikasyon pou Èd Finansye pou Kolèj

- Gen kèk kolèj ak inivèsite ki egzije l

# Apre W Fin Aplike

- Kolèj ak eta a resevwa done yo yon fason elektwonik
- Etidyan an ap resevwa yon Rezime Soumisyon FAFSA (FSS) nan imèl
- Kolèj yo ka mande lòt dokiman akòz Verifikasyon (obligatwa).
- Kolèj yo revize aplikasyon yo epi detèmine òf èd finansye a
- Yo ka voye èd finansye ansanm ak desizyon admisyon an oswa an apre
- Al gade sou sitwèb kolèj la pou jwenn enfòmasyon sou orè chak lekòl yo

# Verifikasyon

- Kolèj yo verifye done sou aplikasyon èd finansye yo
- Se Depatman Edikasyon oswa kolèj yo ki chwazi etidyan yo
- Dwe respekte tout demann pou resevwa èd finansye
- Fanmi yo dwe soumèt dokiman siplemantè jan yo  
mande yo a:
  - Relve Deklarasyon Sou Taks
  - Fich Verifikasyon
  - Deklarasyon Kont Byen Ou Genyen
- Egzamine tout korespondans kolèj yo voye
- Konekte nan pòtal entènèt kolèj la pou komunikasyon
- Kreye yon adrès imèl familyal pou pwosesis èd finansye a pou pa neglige okenn demann



# Biwo Èd Finansye

<b>Aprann sou Èd Finansye Ou</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>Kritè renouvlab èd finansye (finansye, akademik)</li><li>Kijan yon bousdetid prive pral afekte èd finansye mwen an?</li></ul>
<b>Poze kesyon konsènan Konsiderasyon Espesyal yo</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>Chanjman nan sikonstans fanmi an</li><li>Èske mwen ka fè apèl kont òf mwen an? Kòman?</li></ul>
<b>Fason pou kontakte Biwo Èd Finansye a</b>	<ul style="list-style-type: none"><li>Rele nan telefòn</li><li>Imèl:</li><li>Tchat (si yo bay posibilité a)</li></ul>



# Kijan Yo Pran Desizyon Èd Finansye yo

# Depans pou Ekolaj la (COA)

**COA = Total Depans pou  
Yon (1) Lane Kolèj**

= Depans yo Faktire oswa Dirèk

= Depans yo Pa Faktire oswa Dirèk

**Ekolaj ak Frè**

+

**Manje ak Lojman**

+

**Liv ak Founiti**

+


**Transpò**

+

**Depans Pèsonèl**

# Endis Èd Etidyan (Student Aid Index, SAI)

- Chif ki reprezante fòs finansye yon fanmi
- Menm fòmil federal yo itilize pou chak fanmi
- Revni peze pi plis pase byen
- Gen kèk kolèj ki itilize yon fòmil enstitisyonèl tou
- Fanmi gen premye responsabilite pou peye
- Pa nesesèman sa fanmi an pral peye
- Kalkilatris SAI sou [mefa.org](https://mefa.org)



# Fòmil Èd Finansye

Kolèj ranpli  
Kalifikasyon Èd  
Finansye ak èd  
finansye ki soti nan  
  
tout sous

Depans pou Ekolaj la (Cost of Attendance, COA)

-  
Endis Èd Etidyan (Student Aid Index, SAI)\*

=  
Kalifikasyon Èd Finansye

\*Sonje yo trete yon SAI negatif kòm zewo nan fòmil sa a

# Bay Èd Finansye

**Kolèj  
Depans pou  
Ekolaj**  
**\$45,000**

Bezwen yo pa  
Reponn ak yo ak  
SAI se  
responsablité  
FANMI an

Bezwen yo pa Reponn ak yo	\$5,000
Travay-Etid	\$2,000
Prè Etidyan	\$5,500
Sibvansyon Bousdetid	\$17,500 \$10,000
SAI	\$5,000

# Kalkilatris Pri Net yo

- Zouti sou entènèt yo jwenn sou sit entènèt chak enstitisyon
- Poze kesyon sou finans fanmi ak etid etidyan yo
- Bay estimasyon pri pèsonèl nèt pou kolèj
- Montre èd federal ak enstitisyonèl
- Yo ka gen ladan yo èd ki baze sou merit tou



# Lèt Òf: Total yo Ka Varye



COLLEGE COST  
TRANSPARENCY INITIATIVE™

Kolèj Depans pou Ekolaj	Kolèj A	Kolèj B	Kolèj C
\$45,000	\$32,500	\$25,500	\$17,500
Endis Èd Etidyan (Student Aid Index, \$5,000)	\$5,500	\$5,500	\$5,500
Travay-Etid	\$2,000	\$2,000	\$2,000
Total	\$40,000	\$33,000	\$25,000
Bezwén yo pa Reponn ak yo	\$0	\$7,000	\$15,000

Itilize Kalkilatris Depans pou Kolèj MEFA a pou konpare bous yo: [mefa.org/college-cost-calculator](https://mefa.org/college-cost-calculator)

# Lèt Òf: Kalite yo Ka Varye



COLLEGE COST  
TRANSPARENCY INITIATIVE™

Kolèj Depans pou Ekolaj	Kolèj A	Kolèj B	Kolèj C
Sibvansyon/Bousdetid	\$27 500	\$17 500	\$0
Prè Etidyan	\$5,500	\$5,500	\$5,500
Prè Paran yo	\$0	\$10 000	\$29 500
Travay-Etid	\$2 000	\$2 000	\$0
Total	\$35 000	\$35 000	\$35 000
Bezwén yo pa Reponn ak yo	\$5 000	\$5 000	\$5 000

Itilize Kalkilatris Depans pou Kolèj MEFA a pou konpare bous yo: [mefa.org/college-cost-calculator](https://mefa.org/college-cost-calculator)



# Peye Kolèj


# Ranpli SAI ak Bezwen yon Pa Reponn ak yo

Balans Ou Dwe: \$20 000

Revni ki Pase (Epay)		
Epay Etidyan	-\$1,000	
Epay Paran	-\$4,000	
Revni Aktyèl (Salè Aktyèl)		
Kontribisyon Paran yo nan Plan Peman	-\$5,000	
Revni ki Gen pou Vini (Prete pou Prè Kolèj)		
Prè pou Edikasyon	-\$10,000	
	\$0	

# Konvèrsasyon Enpòtan Pandan w ap Manje

- Ki pri nèt chak lekòl?
- Ki etap ki bon pou etidyan an? Gen ANPIL opsyon
- Fè yon lis kolèj ekilibre ap bay plis opsyon ak chwa
- Konsidere lè w kòmanse nan kolèj kominotè (ekolaj ak frè gratis nan MA) sa ta ka ede fanmi w ekonomize anpil \$
- Konsidere kantite timoun nan fanmi an ki pral nan kolèj
- Panse an tèm dèt total etidyan an (4 lane lekòl oswa plis), salè potansyèl pou kòmanse, ak pwojè karyè nan lavni.
- Èske kolèj la gen sèvis etidyan an bezwen (estil aprantisaj, tranzisyon soti nan IEP lekòl segondè, elatriye)
- Èske sa ap nan avantaj etidyan an lè l pran yon lane sou beton an?



# Peye Kolèj nan MA



Free and Affordable College

Free and affordable college tuition and fees are here across public Massachusetts community colleges and four-year universities!

**Pou aplike pou èd finansye nan eta MA, ranpli FAFSA anvan 1ye me**

**<https://www.mass.gov/free-and-affordable-college>**

- **MassEducate:** Kolèj kominotè gratis (ekolaj ak frè ak alokasyon pou liv potansyèl) pou tout etidyan yo
- **Mass Reconnect:** Kolèj kominotè gratis pou granmoun ki gen plis pase 25 lane
- **Ekspansyon MASSGrant Plus:** Ekolaj gratis oswa redwi ak frè pou etidyan ki pa gen anpil revni ak mwayen ak alokasyon pou liv potansyèl
- **Lwa sou Ekite nan Kesyon Ekolaj:** Gen kèk etidyan ki pa gen papye ki ka resevwa èd nan eta MA ak frè ekolaj nan eta a (<https://www.mass.edu/tuitionequity/home.asp>)
- **MassTransfer:** Rann transfè soti nan yon kolèj kominotè MA pou ale nan yon kolèj piblik MA 4 lane pi abòdab
- **Poz nan Frè Ekolaj:** Rediksyon sou frè ekolaj andeyò eta a nan kolèj New England pou sèten pwogram (<https://nebhe.org/>)

**[mefa.org/paying-college-massachusetts](https://mefa.org/paying-college-massachusetts)**




# Resous Gratis

# Resous Nasyonal ak Kominotè



- Èd gratis pou ranpli FAFSA
- Evènman ki te fèt oktòb jiska fevriye
- Yo ofri l ni nan lang Anglè ni Panyòl
- Enskri sou FAFSDay.org



- Òganizasyon ki pa la pou fè lajan bay èd finansyè gratis ak sèvis preparasyon pou karyè
- Pran yon randevou ak yon konseye nan kesyon edikasyon
- [massedco.org/](http://massedco.org/)



- Resous planifikasyon kolèj ak karyè gratis pou elèv ki nan klas 6yèm jiska 12yèm ane
- [mefapathway.org](http://mefapathway.org)

# Rete sou Bon Chemen an Pandan Dènye Ane a

## Prentan/Ete Premye Ane a

- Rechèch kolèj
- Vizite kanpis ak fwa kolèj
- Mande pwofesè yo lèt rekòmandasyon
- Pran SAT/ACT
- Kòmanse ekri disètasyon kolèj la

## Livè Dènye Ane a

- Soumèt aplikasyon pou admisyon
- Aplike pou bousdetid prive
- Voye kanè mitan ane yo

## Lotòn Dènye Ane a

- Repran SAT/ACT
- Jwenn lèt rekòmandasyon
- Finalize disètasyon kolèj la (yo)
- Patisipe nan wèbinè 101 Èd Finansye MEFA a
- Ranpli tout aplikasyon pou admisyon yo
- Soumèt aplikasyon pou admisyon yo bonè
- Jwenn yon Idantifyan FSA epi soumèt FAFSA a
- Soumèt CSS Profile a

Gadeyona ale a pwofanje sou: [mefa.org/college-admissions-and-financial-aid-timeline](https://mefa.org/college-admissions-and-financial-aid-timeline)

## Prentan Dènye Ane a

- Resewwa òf admisyon ak èd finansye
- Patisipe nan wèbinè Èd Finansye MEFA a ak Fakti Kolèj la
- Ale nan pwogram pòt ouvè nan kolèj la
- Chwazi kolèj ou anvan 1ye me

# Kisa Ou Ka Fè Kounye a

- Jwenn yon Idantifyan FSA pou etidyan an ak paran an (yo)
- Delè rechèch ak aplikasyon obligatwa yo

**Enskri pou lòt**

**Wèbinè MEFA**



**Gade Kalandriye Referans  
MEFA a pou Admisyon nan  
Kolèj ak Èd Finansye**



**Enskri pou**

**Imèl MEFA yo**



# Konekte ak MEFA

**Eskane kòd QR la pou w ka  
enskri pou resevwa imèl  
MEFA sou sijè ki enpòtan  
pou planifikasyon kolèj.**



-  [facebook.com/mefaMA](https://facebook.com/mefaMA)
-  [@mefa\\_ma](https://www.instagram.com/@mefa_ma)
-  [@MEFAtweets](https://twitter.com/MEFAtweets)
-  [linkedin.com/company/mefa](https://linkedin.com/company/mefa)
-  [youtube.com/MEFAcounselor](https://youtube.com/MEFAcounselor)
-  [mefa.org/mefa-podcast](https://mefa.org/mefa-podcast)

# Mèsi!

## Ou gen kesyon?



**(800) 449-MEFA (6332)**



**collegeplanning@mefa.org**

**MEFA™**